

ISSN 0207-6551

# НУР

6+

7

2019

## Гъэмахуэм и курыхщ, дунейм и дахэгъуэщ

*"ЕджапIэми дымыкIуэу, унэми дыщIэмызагъэу ди тхъэжыгъуи!*
*Хадэ, псыхъуэ, мэз, къурш лъапэ, хы Iуфэхэрщ дыщызекIуэр, дыщызеплъэр, зыщыдужьыр.*
*Къуажэм щыпсэу ди унэ псэущхьэхэр илъэс псокIэ къытпэплъащ. Ахэр догъафIэ, бзу цIыкIухэр догъашхэ, губгъуэ, мэз хьэкIэкхъуэкIэхэм ди зэран екI зэрымыхъунур къыдгурыIуэу, ди лъэужь пхъэнкIий къиднэкъым. Дунейм и дахагъэр дохъумэ, абы дэри нэхъ лъапIэ дещI".*

*Мы къыдэкIыгъуэр псэущхьэхэм ятеухуащ, нэхъыщIэIуэхэм яхуэгъэпса тхыгъэхэр нэхъыбэу итщ. «Нурыр» фи Iэпэгъуу фыхэхъуэ, зывужь!*

**НАЛО Заур**

*Шы зэрагъажэр щIопщкъым – акъылщ*

# МЫIЭРЫСЭ УАСЭ



Шууэ щIалитI гъуэгу здытетым, зы лIыжь цIыкIу къахуозэ мыIэрысэ джабэплъышхуэ иIыгъыу. ЩIалитIым мыIэрысэмэ дахэр къазэрыщIихьэу я гурыIупсыр къожэ:

– КхъыIэ, дадэ, а мыIэрысэр дэ къыдэт! – йолъэIу лIыжь цIыкIум.

Дадэм и жьакIэ тхьэмпэхур и бгырыпхыпIэм нэс ирелъэщIэхри и нэ гъуабжитIыр къахуигъэджэгуу мыр жеIэ:

– Фишхэр къызэдэвгъажи, зиш яужь къинэм мыIэрысэр естынщ.

ЩIалитIыр яшхэм йолъэдэкъауэри йолъ, арщхьэкIэ щIагъуэ ямыкIуу къыжьэдакъуэж:

Апхуэдэ шыгъажэ пхуэщIынкIэ Iэмал иIэкъым, – жаIэ. – Щхьэж и шыр къыкIэригъэхун щхьэкIэ къыжьэдикъуэнущ.

– Абы Iэмал гуэри имыIэу пIэрэ, шитIым нэхъ лъэрымыхьыр дэтхэнэрами зэхэвгъэкIыну? – погуфIыкI жьакIэ тхьэмпэхур.

– ИIэкъым: шыр къызэрагъажэр щIопщщ, и жьэр пIыгъмэ(шхуэмылакIэм уекъумэ), и пIэ икIынукъым!

Идар бэлацэ цIыкIу бдзэжьеящэ къикIыжрэ пэт абы жаIэр къызэхехри:

– ИIэщ абы Iэмал! – жеIэри мэув,  чыпылъэм*  фIэлъ аргъей закъуэм и кIэмажьэр сабэм хэлърэ и къунтхыр лъагэу Iэтауэ.

– Ар сыт хуэдэ Iэмал?

– Фишхэр зэфхъуэжи зэфIэкIакъэ! – жи Идар, балий фIыцIэм хуэдэ и нитIыр мыIэрысэ джабэплъым хуеплъэкIыу. – Мобы и пщIэгъуалэм уэ шэси уизэрифIэщкIэ гъажэ; уэ уи пцIэгъуэплъым мор гъэшэси зэрылъэкIкIэ ихунщ. Нэхъ лъэрымыхьыр яужь къинэнщи, ар зейм мыIэрысэр  ишхынщ.

ШууитIым ар ягъэщIагъуэри, яшхэр зэрахъуэжыну щыхуежьэм, лIыжь цIыкIум ахэр къызэтригъэувыIэщ аби, мыIэрысэ джабэплъышхуэр ихьри Идар иритащ:

– Афэрым, Идар, афэрым! – саугъэтри щытхъури зыхуэфащэр губзыгъэращ. ШууитIри  ауан ищIыну щыгъупщакъым:

– Шы зэрагъажэр щIопщкъым, си щауэхэ, шы зэрагъажэр акъылщ!

Идар и мыIэрысэр и шыпхъу цIыкIум хуихьащ.

---

* Чыпылъэ – бдзэжьей къаубыдар зэрахь.



*IуэрыIуатэ*

## Ди джэдыжьыр мэкъакъэ

Ди джэдыжьыр
Мэкъакъэ,
Мэкъакъэ;
Къакъэ **плъыжьыр**
КъекIэцIыр,
КъекIэцIыр;
Абы и кIуэцIыр –
**Гъуэжьыбзэ,
Гъуэжьыбзэ;**
Джэджьей къришмэ –
**Шылафэ,
Шылафэ;**
Псыуэ ирафыр –
**ЩхъуантIабзэ,
ЩхъуантIабзэ;**
Хугуу ящыпыр –
**Дыщафэ,
Дыщафэ;**
**Удзыфэ** дахэр –
Ди пщIантIэ,
Ди пщIантIэ;
ПщIантIэм дэмыхуэу
Мэбагъуэ,
Мэбагъуэ.

**Мы усэм хэт плъыфэхэр зэвгъащIэ.**

* * *

Зи нитIыр фIыцIэ,
УдзыпцIэр зи хъупIэ,
ПIапIур зи Iус,
Жэму къэсым ебу,
Къебуужыр зи анэ.

**Ар хэту пIэрэ?**



## КIущэ нау

Нау-науурэ
Си кIущэ,
ЩIопщыкъур
Зи набдзэ,
Бжыхь дзакIэр
Зи гъуэгу,
Зигу цIыкIур
IэфIылъэ,
Зи лъэ цIыкIур
Зи мажьэ,
Бэрэжьейр
Зи жьауэ,
Жыг жьауэ
ЩIэмыхьэ,
ХьэщIэ къихьэм,
Мытэдж,
Мытэджыххэу
Си кIущэ,
ЙокIуэщэхри
Мэдыгъуэ,
Дзыгъуэ цIыкIур
Егъалъэ,
Зиплъыхьыжуи къотIыс.

**Мы усэм зи гугъу ищI кIущэ екIур къыхэфх: мыгъасэ е сэхъуа, щэныфIэ е фэрыщI, щхьэгъэтынш е щхьэхынэ.**





## ТхьэкIумэкIыхь

ТхьэкIумэкIыхьым
И нэр вагъуэ,
Вагъэр и гъуэгу,
И гур къэрабгъэ,
Бгъэм щошынэ,
И тхьэкIумэр дзасэ,
И пэр сыринэ,
МапкIэ, малъэ,
Мэбгъунлъэ,
Мэлъей,
Бзу лъэтари щIэрымыхьэ,
И фэр и бий,
Бийуэ иIэм ягъалъэ.

**ТхьэкIумэкIыхьым и Iупэр щIэдыкъуакъуэр къыкIэлъыкIуэ напэкIуэцIым итщ.**

# Шыдым уэрэд щIыжимыIэжыр

Шыдым хуэдэу макъ иша дахэкIэ уэрэд жызыIэф щымыIауэ яIуатэ. Зэгуэрым псэущхьэхэм зэхуэс яIэу, я пащтыхь Аслъэныр щIэупщIащ:
– Фэ нэхъ дахэ дыдэу къыфхэтыр хэт?
– Сэращ! Йээlуу, Йэlуу! – къахэкIиикIащ шыдыр.
– Хъунщ. АтIэ хэт псом нэхърэ нэхъ лъэщыр?
– Сэращ! Йээlуу, Йээlуу! – къахогуоукI аргуэру шыдыр.
– Хъарзынэщ, – хэт атIэ нэхъ делэр?
– Сэращ! Йээlуу, Йээlуу! – зэкIэлъегъэпIащIэ шыдым, зыри и япэ къримыгъэщу.

Псэущхьэхэр еуэ матхъэ, еуэ мэдыхьэшх,шыдыр я ауану! Езы тхьэмыщкIэжь мыгъуэр зэуэ къэгузавэри къыкъ хъуащ, укIытащэри и макъыр икIащ.

Абы лъандэрэ шыдым жиIэфыр зы псалъэщ: йээlуу, йээlуу, йээlуу.



# ТхьэкӀумэкӀыхьым и Ӏупэр щӀэдыкъуакъуэр

Тхьэк|умэк|ыхь шынэкъэрабгъэ ц|ык|у мыгъуэр зэм дыгъужьым, зэм хьэм кърахуэк|ыурэ ерагъыу я|эщ|эк|щ, пабжьэ гуэрым к|эщ|эт|ысхьэри, къыщиуду гъащ. Еуэ магъ, еуэ мабжэ: "Сэ псори къыстогушхуэ, зыми сапэлъэщкъым, мэзыми губгъуэми сызыщымышынэ щ|эскъым" – жи|эурэ. Абы и тхьэусыхафэр зэхэзыха къанжэм тхьэк|умэ дзасэр ф|эгуэныхь мэхъури игъэгушхуэну жре|э:

– Умыгъ, уэр нэхъ шынэкъэрабгъэ щы|эщ.

– Щы|экъым! – назэм и нэр хузэблегъэплъ бзум.

– Уэр дыдэм къыпщышынэ щы|эщ! Уи ф|эщ мыхъумэ, уэзгъэлъагъунщ.

Гъэмахуэ хуабэвэхым зыщахъумэу, я щхьэ щ|э|уауэ, мэлхэр дыгъэм щызэхэтт. Къанжэм же|э:

– Ат|э мо мэлхэм жэрыгъэк|э яхэлъади къэхъум еплъыт. Ит|анэ къэпщ|энщ сэ жыс|эр пц|ырэ пэжрэ.

Тхьэк|умэк|ыхьым л|ыгъэ зыхилъхьэщ, щ|эпхъуэри мэлхэм яхэлъэдащ. Мо хъурыфэ бырт|ымышхуэхэр къащтэщ, щ|эпхъуэри, я к|э пшэрхэр зеуалэу адэк|э-мыдэк|э зэбгрыжащ. Ар къэзылъэгъуа тхьэк|умэк|ыхьыр апхуэдизк|э гухэхъуэу, и л|ыгъэм щыгуф|ык|ыу, мо инышхуэхэр ф|эауану тхъэжати, дыхьэшхым-дыхьэшхыурэ и |упэр зэгуэудащ.

Абы лъандэрэ тхьэк|умэк|ыхьым и |упэр дыкъуакъуэщ.

*Зытхыжар*

***ХЬЭЛИЛЭ Миланэщ***







СУТЕЕВ Владимир

# ІЭГЪЭБЭГУ ЩІАГЪЫМ

Лъабэ псыгъуэр псыф ищІауэ,
Хьэбэ гъумыр иуфэнщІауэ
Хъумпlэ уэшхым хиубыдащ,
Хъумпlэ хъумпlэу зричащ.

Макlуэ, малъэ, мажэ, маплъэ:
– Сыт мо цlыплъыр? Сыт мо щхьэплъыр?
Носри: "Уа-а-рэ! – йоуэ Iэгу. –
Жьауэ зиlэ Iэгъэбэгу!"

ЩIэтIысхьауэ а «унащхьэм»
Йолъэlу Хъумпlэ уафэ къащхъуэм:
«Кхъыlэ, уэшхыр ин умыщl,
Удынышхуэ зыкъыумыщl!»

Плъэмэ, къокlуэ Хьэндырабгъуэ,
Къос илъэфу и дамабгъуэр.
– Си дамитlыр мылъэтэж,
Зы гъущапlэ схэмылъыж.

Сыщlэгъэс уи жьауэм,кхъыlэ,
Мы уэшх щlыlэм сегъэгуlэ.
– Дэнэ, дэнэ сэ усхьын?
Жьауэр тlум тхуригъэкъун?

– ЗыщlэдгъахуэмтхурикъункЪэ?
– Къакlуэ.Хъуххэмэ дгъэхъункъэ!

Уэшхыр къошхыр. Къошхри-къошх.
Шхыдэу, шхышхыурэ ар къошх.









Блэжрэ пэт, къоувыIэ Дзыгъуэ,
КIапэ псыфу-пэцIыцI дзыгъуэ.
– Жьауэм сы-сыны-щIэвгъыхьэ.
СокIэз-ыз. Сызы-хэвгъыхьэ.

– Дзыгъуэр дэнэ дэ утхьын?
Жьауэр щым тхуригъэкъун?
– Ды-ды-дызэ-кIэщIэвгъапщхьэ,
– УокIэзыз, пэцIыцI, къытхэпщхьэ.

Уэшхыр къошхыр. Шхышхыу къох,
Зишхыхьыжу шхыдэу къошх.

КъапкIэ-къалъэурэ, Бзу гъуабжэ,
Псыр къыпыжу къосыр, мабжэ:
– Уэшхым си цыр иуфэнщIащ,
Си дамитIыр иуплIэнщIащ.

Фи жьауапIэм сыщIэвгъэсмэ,
Хуабэу фэ сызыхэвгъэсмэ
Сэри тIэкIу сыгъущыжынт,
Сылъэтэфу сыхъужынт.

– Уэ уинщ. Дэнэ утхьыну?
Жьауэ тIэкIур тхурикъуну?
ЖаIэ пэтми зэщокIуатэр,
Зыхагъыхьэ бзу мылъатэр.

Уафэ фагъуэр зокуэфауэ,
Уэшхыр къоскIэ, къох губжьауэ.

Къожэ, къос ТхьэкIумэкIыхьу,
Бажэм къиихур щхьэхь-лъэрыхьу.
– Сы-къев-гъэ-эл! – мэкIий ар. – Маржэ,
Севмыгъэшх мо бажэ къажэм!

И гуIэгъуэм гур ирогъу,
Дзыгъуэм и гур назэм щIогъу:
– Къажэ щIэхыу, къытхэлъадэ,
Мы ди къуагъым къыкъуэлъадэ!









КIапэ бацэр къос гузасэу:
– Къывблэжа тхьэкIумэ дзасэр?
ЖаIэ: "Ар дымылъэгъуа,
Ди гъунэгъуи къэмыхъуа".

Бажэр бжэуэрэ Iуожыжыр,
Жьауэм щIэсхэр мэгуфIэжыр:
–Уа-а-рэ! Уэшхыр теужа,
Дыгъэ дахэр къепсыжа!

Хъумпlэцlэджым егъэщlагъуэ,
Зэпеплъыхь зыщlэса жьауэр.
– Мыр си закъуэ схуримыкъут,
Тху дыщIэхуэу, дауэ ухъут?!

Iэгъэбэгум тесу, Къуакъуэ:
– Ар умыщIэура? – къокъуакъуэ!
Хьэндыркъуакъуэр къахуоплъых,
Лъагэм къопкIэ ар, къолъых.

Къэхъуар мисыр, щIэтщ я нэгум!
Тхури йоплъыр Iэгъэбэгум.
– ЦIыкIухэ, щэхур фэ къэфщIа?
ЦIыкIухэ, уэшхым сыт ищIа?

*Усэбзэу зэзыдзэкIар*
***АБРОКЪУЭ Беллэщ***







# Гъэмахуэ тхылъеджэ

*Цlыхур тхылъыфlым иретъаджэ, егъасэ, еузэщl.*

***Дунейпсо (адыгэ) таурыхъхэр.*** *Абы щызэхуэхьэсащ лъэпкъым и lущыгъэр. Сыт ныбжьым уитми lуэрыlуатэр lэщlыб пщlы хъунукъым. Уейр нэхъ лъапlэжщ. Ар уи лъэпкъ гупсысэкlэ псыхьащ, уи бзэкlэ гъэдэхащ.*

***Джанни Родари*** «Чиполлино и щхьэ къриклуахэр» (Приключения Чиполлино). Итальян тхаклуэ lэзэм захуагъэм, хьэлэлыгъэм, цlыхугъэм дыхуеущий.

***Волков Александр*** «Налкъут удзыфэ къалэм щыпсэу мэгъу» (Волшебник изумрудного города). Элли зи цlэ хъыджэбз цlыкlум ныбжьэгъу хуохъу «Бзугъащтэ», «Аслъэн къэрабгъэ», «Гъущlыпсэ» сымэ. Ныбжьэгъухэм я хъуэпсапlэхэр къехъулlэн папщlэ хъыджэбз цlыкlум хузэфlэкl къыигъанэкъым. Бзугъащтэ – акъыл, Гъущlыпсэ – гу, Аслъэн къэрабгъэ – лlыгъэ зэрагъэгъуэт.

***Кун Николай*** «Пасэрей Алыджхэм ятеухуа хъыбархэр» (Легенды и мифы Древней Греции). Тхьэхэмрэ лlыхъужьхэмрэ я лlыгъэ хъыбархэм уагъэlущ, узыlэпашэ, пасэрей дунейр уэ къэпхутауэ къыпщагъэхъу!

***Гайдар Аркадий*** «Тимуррэ и ныбжьэгъухэмрэ» (Тимур и его команда). Совет лъэхъэнэм и тхыгъэфlхэр lэщlыб ящlу хуежьащ. Абы дагъасэ ди къалэн дгъэзащlэу, пэжыгъэ, цlыхугъэ, гулъытэ тхэлъу дыпсэууэ.

***Кассиль Лев*** «Хьэзыру щыт, Зиусхьэн» (Будьте готовы, Ваше Высочество). Совет лъэхъэнэ литературэм и гугъу пщlыуэ мыр къэбгъанэ хъунукъым. Хы lуфэм lут пионер зыгъэпсэхупlэм къокlуэ хамэ къэрал жыжьэ къикlа пащтыхьыкъуэ. Къызэрыгуэкl сабийхэм яхэтурэ абы къыгуроlуэ ныбжьэгъугъэм и лъапlагъыр.

***О' Генри*** «Къамылыфэхэм я пащтыхь» (Вождь краснокожих). Американ тхаклуэм гушыlэбзэ дахэкlэ къеlуатэ удэзыхьэх, узыгъэдыхьэшх хъыбархэр. Аращ мы тхыгъэр цlэрыlуэ зыщlар.

***Чехов Антон*** «Щlалэ цlыкlухэр» (Мальчики). Ущысабийм щегъэжьауэ сыт ныбжьым уитми удэзыхьэхын тхаклуэщ Чеховыр. Рассказ кlэщlхэрщ къыщежьэн хуейр.

***БИТОКЪУ Маринэ,***
филологие щlэныгъэхэм я кандидат,
литератор



*СЕРГИЕНКО Константин*

# ЦIЫХУМРЭ ХЬЭМРЭ БЗЭ ЗЭХУЭМЫДЭКIЭ ПСАЛЪЭУ ЗЭРЫХЪУАР

*("Узыншэу ущыт, КъуэкIий" рассказым щыщ пычыгъуэ)*

ЦIыхумрэ Хьэмрэ зы бзэ яIурылът, зэгъусэу псэут икIи яIэр зэдагуэшт. Унэ цIыкIу, хадэ, губгъуэ яIащ а тIум.

Пщэдджыжьым Хьэр къэтэджти жэмхэр игъэхъут, ЦIыхум гъавэ трисэрт. Ар зэгъусэу Iуахыжт, зэдэшхэт.

Зэгуэрым щакIуэ кIуахэщ. Куэдрэ къра-хуэкIащ хьэкIэкхъуэкIэр къахуэмыубыду. ЦIыхум жеIэ:

– Къэжыхьыным сригъэшащ, лъакъуитIкIэ сыныпщIыхьэкъым уэ лъакъуиплIым.

– Хъунщ, – жи Хьэм, – зыгъэпсэху. Сэ хьэкIэкхъуэкIэр къосхулIэнщ, уэ къэубыд.

Иджы Хьэм къежыхь, хьэкIэкхъуэкIэр кърехуэкI, ЦIыхур и пIэм итщ, ар къеубыд. Ар тIуми зэдашх.

ЦIыхум жеIэ:

– Сыужэгъуащ лы цIынэ гъэныщкIуныр. Уэ уи дзэпкъхэр жырым хуэдэу инщ, сэ си дзэхэр цIыкIущ. Лыр щабэу схуэгъавэ.

– Хъунщ, – жи Хьэм.

Иджы цIыхум лыр гъэвауэ ешх, Хьэм – цIынэу.

Хьэм ар егъавэ, бахъэкIэ щабэ ещI, шыгъу треудэ, къуэнтхъурейкIэ егъэдахэ. Уоу, зыкIэ IэфIу еупщэфIри! ЦIыхум кIуэ пэтми нэхъыбэ ишхыурэ гъум, пшэр хъуащи, я унэ цIыкIум щIэхуэжыркъым. Абы щыгъуэм жеIэ:

– Мыбдеж хуиту зыщыдгъэзэфкъым. Уэ хьэ унэ ухуейщ, цы птетым уигъэпIыщIэнукъыми. Сэ сыщIыфэ пцIанэщ.

– Хъунщ, – жиIэщ Хьэми, езым хьэ унэ зыхуищIыжащ.

А пасэ зэманым хьэкIэкхъуэкIэ шынагъуэ куэдым мэзым къыщаджэдыхьт. Жэщ зэры-хъуу, хэт дытеуэн жаIэу, гуп-гупу, гурыму къаущыхьт. ЦIыхур абы ящышынэрт. Хьэм жреIэ:

– Уэ жэщкIэрэ хьэкIэкхъуэкIэхэм уатекIиеурэ Iупхуамэ, хуиту дыжеинт.

– Хъунщ, – жи Хьэм, – сатекIиенщ.

Жэщ гуэрым хьэкIэкхъуэкIэ шынагъуэхэр къэкIуащ.

– ФыIукI мыбдежым, фысшхынщ! – мэкIий Хьэр.

Пщэдджыжьым цIыхум жеIэ:

– Жэщ псом сыбгъэжеякъым, «фысшхынщ» – жыпIэурэ.

Апхуэдизкlэ уокIийри сэр дыдэр со-гъэшынэ. Моуэ нэгъуэщI зыгуэру кIий, псалъэм папщIэ, «гIэу-гIэу!».

Жэщым Хьэр щIэкIри къэкIуахэм ящIэкIиящ:

– ФыIукI мыбдежым, гIэу-гIэу!

Пщэдджыжьым ЦIыхум жеIэ:

– Аргуэру сыбгъэжеякъым, «фыIукI мыбдеж» – жыпIэурэ.

УзэрыкIийуэ, унэм сыщIаху къысфIощI. «ГIэу-гIэу!» къудейр жыпIэу убанэ хъунукъэ?

Жэщым аргуэру къэкIуащ хьэкIэкхъуэ-кIэхэр. Хьэр бэнащ:

– ГIэу-гIэу!

Ауэ мыбдежми ЦIыхур арэзы хуэщIакъым:

– Макъ иныщэкIэ уобанэри си жейр сты-боху. Сэ уэд сыхъуу щIэздзащ. Убанэ нэхърэ нэхъыфIщ щакIуэ укIуэрэ лы къысхуэпхьмэ.

Хьэр щакIуэ кIуащ. КъищэкIуар ЦIыхум хуигъавэри игъэшхащ.

ЦIыхур шхэри жейм хилъэфащ, мэжалIэу къэушыжауэ аргуэру маджэ:

– Ей, Хьэ, дэнэ щыIэ лыр?

– ГIэу-гIэу! – иритащ жэуап Хьэм.

– Сыт «гIэу-гIэу»-м къикIыр? – къогубжь ЦIыхур. ГурыIуэгъуэу псалъэ.

– ГIэу-гIэу! – жи Хьэм. – ЗэкъуэшитI хуэ-дэу дызэдэпсэухукIэ, сэ гурыIуэгъуэу сы-псэлъащ. Иджы дызытепсэлъыхьын щы-Iэжкъым. Уи хьэлыр умыхъуэжауэ сэ жысIэр уэ къыбгурыIуэжынукъыми, «гIэу-гIэущ» зэхэ-пхынур!

Хьэмрэ ЦIыхумрэ я Iуэхур апхуэдэу къекIуэкIри зэпсэлъэн щагъэтыжащ.

Абы лъандэрэ ЦIыхум и хьэлым тIэкIу зихъуэжащ. Езыр мэщакIуэ, и щхьэ лы хуегъэвэж. Ауэ иджыри и зэманыр къэса-гъэнкъым абы уекIужыпэну.

Аращи, Хьэм жиIэу ЦIыхум зэхихыр мы закъуэращ:

«ГIэу-гIэу!».

Мис аращ си анэм къысхуиIуэтэжар сэ иджыри сыхьэвшыр цIыкIуу.

ЗэзыдзэкIар
***КЪУЭЖЭМ Эдуардщ***



Худ. Храмцов А. Ю.

# НАЛШЫК И ЗООПАРКЫМ



1927 гъэм къэрал лэжьакӀуэ ***Къалмыкъ БетӀал*** зы мыщэ гъуабжэ шыр яритащ Ленин и цӀэр зезыхьэ еджапӀэм*. Абдеж мурад ящӀауэ жыпӀэ хъунущ нэхъапэкӀэ республикэм зэи имыӀа зоопаркыр къызэрагъэпэщыну.

1966 гъэм ар щаухуащ Налшык къалэ и Долинск щӀыпӀэм, псэущхьэ лӀэужьыгъуэу 36-рэ фӀэкӀа ямыӀа пэтми.



Илъэс щэ никъуэм къриубыдэу абы зэрызиужьар нэрылъагъущ. Гектари 6,87-рэ зи инагъым щаӀыгъщ псэущхьэ 350-м нэс. ЛӀэужьыгъуэкӀэ къапщтэмэ, 120-рэ мэхъу. Абыхэм яхэтщ тхылъ Плъыжьым ихъумэ зыбжани. Мыбы щыплъагъунущ хамэ къэрал (Африкэ, Америкэ, Австралие, н.къ.) фӀэкӀа нэгъуэщӀ щӀыпӀэ щымыпсэухэри, ди хэкум щыщ псэущхьэ куэди. Абыхэм я сурэтхэр итщ мы напэкӀуэцӀым.



Зоопаркым и теплъэми зихъуэжащ. ХьэкӀэкхъуэкӀэ ӀыгъыпӀэхэр нэхъ хуит хъуащ, 260 м² и инагъыу бзуулъэ зэрагъэпэщащ, гуэл ирагъэхъуащ, куэду удз гъэгъарэ жыгрэ хасащ.

Нобэ Налшык и зоопаркыр сабийми балигъми я зыгъэпсэхупӀэ цӀэрыӀуэщ. Мыбы яфӀэфӀу къокӀуалӀэ республикэм и хьэщӀэхэр, адэ-анэхэм я цӀыкӀухэр я гъусэу, еджакӀуэхэр гуп-гупу.



Уэри, Нурым и еджакӀуэ цӀыкӀу, ди псэущхьэхэр щыпсэу зоопаркыр удогъэцӀыху.

***КӀУРАШЫН Фатимэ***

---

* Ленин и цӀэр зезыхьэ еджапӀэ – ЛУГ (Ленинский учебный городок).



# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ




Псэущхьэхэм я адыгэцIэхэр "Нур" журналхэм я ипэрей къыдэкIыгъуэхэм итщи псалъэзэблэдзым ифтхэ.

***Къехыу:***


1


3


5


7


9


10


12

***ЕкIуэкIыу:***


2


4


6


8


11


13


14


15

*Зыгъэхьэзырар:* ***Къашыргъэ Лианэ***

## "НАРТХЭМ Я ХЪУГЪУЭФIЫГЪУЭХЭР" дунейпсо сурэт зэхьэзэхуэм хэта лэжьыгъэхэр



ШАКЪ Нурэ "Иныжь", илъэсих,
США, Н. Орлеан къ.



ГЫНДЫГЪУ Элинэ "Сосрыкъуэрэ Сэтэнейрэ"
илъэсибгъу, Налшык къ.



ВОРОБЬЁВЭ Юлия "Сосрыкъуэрэ иныжьымрэ"
илъэс пщыкIутI, Карачаевск къ.



КАЛИНИЧЕНКО Юрий "Иныжь"
илъэс пщыкIубл, Мейкъуапэ къ.


*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 7 2019 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Редатор
*П. ХАТУЕВ*



Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Набор и вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КУРАШИНОВА*



Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати
04.07. 2019 г.
Выход в свет 28.07.2019 г.

Формат 60x90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 4290 экз.
Заказ № 291
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 14,83 руб.; за 6 мес.– 88,98 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30

**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017,
г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.



Отпечатано в типографии
ООО «Тетраграф»
360000, КБР, г. Нальчик,
пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.